



Olga Hugelmeyer
Superintendent of Schools

11 Jen 2021

A Paran/Gadyen ak Manm Kominote yo:

Pandan nou ap met fen a yon ane trè difisil e san parèy, nou gen anpil evènman enteresan ak aktivite ke nou ap tann ak anpil pasyans pou selebre. Anba a, tanpri al gade enfòmasyon ki gen rapò ak fen ane lekòl ak ete a.

Wityèm Ane Pwomosyon & Gradyasyon / Seremoni Prim Klas yo

Lekòl Piblik Elizabeth kontan anpil pou anonse ke li pral fè seremoni anndan lekòl yo pou elèv wityèm ane pwomosyon ak gradyasyon nan lekòl segondè yo pou byen rekonèt reyalyasyon etap enpòtan eksepsyonèl elèv wityèm ane ak elèv douzyèm yo nan klas ki ap gradye an 2021. Prim klas yo pral tou rantre nan seremoni gradyasyon lekòl segondè yo.

Nan yon konferans pou laprès Lendi, 4 Jen, Gouvènè Murphy te note aksyon yo sou rasanbleman aktivite ki ap fèt anndan yo:

- Retire an jeneral limit rasanbleman aktivite anndan yo, ki se kounyè a 50 moun
- Retire limit rasanbleman aktivite andedan yo pou rasanbleman politik, maryaj, antèman, sèvis memoryal, pèfòmans, ak lòt evènman livre manje ak komèsyal yo, ki se kounyè a 250 moun
- Retire limit yon kapasite 30 pousan pou gro evenman aktivite andedan yo a yon kapasite fiks ki ka pran plis pase 1,000 moun.

Nan konsiltasyon ak Dr. Guillermo Munoz ak Ofisye Sante Vil Elizabeth la, li te detèmine ke lekòl distri ka kenbe wityèm ane pwomosyon ak seremoni gradyasyon anndan san okenn problèm ki gen rapò ak kapasite. Anplis de sa, distri a te detèmine ke kapasite pou nenpòt nan seremoni yo, konsène direktif ki gen rapò ak de granmoun pou chak elèv, pral desann pi ba kapasite a nenpòt program dezinye ki fè pati sa yo.

Orè pou seremoni pwomosyon wityèm ane, ki pral fèt nan chak lekòl respektif PK / K-8, ak gradyasyon lekòl segondè/seremoni prim klas yo, ki pral fèt nan Dunn Sport Center, ap fèt konsa:

Office of the Superintendent of Schools

Pwomosyon Seremoni Wityèm Ane yo

Madi, 22 Jen– 9:00 a.m.

Toussaint L'Ouverture – Marquis de Lafayette School No. 6
Benjamin Franklin School No. 13
Christopher Columbus School No. 15
Dr. Antonia Pantoja School No. 27
Juan Pablo Duarte – José Julián Martí School No. 28
Dr. Albert Einstein Academy School No. 29
Chessie Dentley Roberts Academy School No. 30

Mèkredi, 23 Jen– 9:00 a.m.

George Washington Academy School No. 1
Abraham Lincoln School No. 14
Madison – Monroe School No. 16
Robert Morris School No. 18
Woodrow Wilson School No. 19
Victor Mravlag School No. 21
Dr. Orlando Edreira Academy School No. 26

Mèkredi, 23 Jen– 1:00 p.m.

Nicholas S. LaCorte – Peterstown School No. 3
Joseph Battin School No. 4
Terence C. Reilly School No. 7
iPrep Academy School No. 8
John Marshall School No. 20
Sonia Sotomayor School No. 25

Jedi, 24 Jen– 9:00 a.m.

Winfield Scott School No. 2
Mabel G. Holmes School No. 5
Jerome Dunn Academy School No. 9
Elmora School No. 12
William F. Halloran School No. 22
Nicholas Murray Butler School No. 23

Gradyasyon Lekòl Segondè/ Seremoni Prim Klas yo

Vandredi, 25 Jen

John E. Dwyer Technology Academy @ 9:00 a.m.
Elizabeth High School-Frank J. Cicarell Academy @ 1:00 p.m.
J. Christian Bollwage Finance Academy @ 5:00 p.m.

Lendi, 28 Jen

Alexander Hamilton Preparatory Academy @ 9:00 a.m.
Thomas Jefferson Arts Academy @ 1:00 p.m.

Madi, 29 Jen

Admiral William F. Halsey Health and Public Safety Academy @ 9:00 a.m.
Thomas Edison Career & Technical Academy @ 1:00 p.m.

Tanpri note ke diplòm klas wityèm ak prim yo pral delivre nan dènye jou lekòl la epi tout elèv yo pral oblije ale nan lekòl jouk dènye jou a (25 Jen).

28yèm Anyèl Ekselans Prim dine pou 100 elèv douzyèm klas kap gradye an tèt an 2021 pral pran plas nan Mèkredi, 23 Jen 2021

Lekòl Segondè Egzamen Final

Kòmanse Jedi, 17 Jen, elèv lekòl segondè yo pral pran egzamen final pou ane lekòl 2020-2021. Avèk objektif pou retounen nan nòmal pandan ane lekòl 2020-2021, profesè ak administratè lekòl yo notifiye elèv yo nan mwa Septanm la epi nan tout ane lekòl la ke egzamen final la ap fèt. Nan rekonesans sikonstans ekstraòdinè ki te koze pa pandemi an, nou mete yon nòt minimòm pou egzamen final pou ane lekòl sa, pou evite ajoute move opotinite pou elèv pase klas yo. Egzamen final yo enpòtan paske yo adrese konsepsyon ak ladrès ki pat metrize lè egzamen pwen referans, tès pou mezire konpreansyon total, ak lòt evalyasyon yo te bay men yo ka metrize nan fen ane lekòl la; Bay elèv yo yon opòtinite ogmante 20% nan nòt final yo pou ane lekòl la; bay yon eleman adisyonèl nan yon nòt final kou a bay nouvo elèv ki fèk antre yo opòtinite pou jwenn kredi pou kou a; epi yo bay edikatè ak elèv ki nan klas 9-11 ak ekri kòmantè ansèyman ak program kourikoulòm pou ane lekòl sa. Orè a pou bay egzamen final la se konsa:

DAT	Egzamen #1	Egzamen #2
Jedi, 17 Jen	Peryòd 5	Peryòd 1
Vandredi, 18 Jen	Peryòd 6	Peryòd 2
Lendi, 21 Jen	Peryòd 7	Peryòd 3
Madi, 22 Jen	Peryòd 4	

Deskripsyon	Lè 1 Kòmanse	Lè 1 Fini
Egzamen #1 Prezans & Preparasyon	7:30 AM	7:50 AM
Egzamen #1 Lè yap bay li	7:50 AM	9:50 AM
Repo	9:50 AM	10:05 AM
Egzamen #2 Prezans & Preparasyon	10:05 AM	10:20AM
Exam #2 Lè yap bay li	10:20 AM	12:20 PM
Lekòl la ap lage	12:22 PM	

Program Ete yo

Program ete yo pral ofri ant 6 Jiyè jiska 5 Out. Tout program yo ap fèt nan klas ki klimatize epi transpòtasyon pral ofri a elèv K-8 ki abite 3.2 kilomèt oubyen pi lwen pase pou program ou kalifye yo. Enskripsyon sou entènèt ap nesesè pou program sa yo. Ti Liv Program Mondyal Ete a ap disponib sou entènèt Madi 15 Jen.

Plan Sekou Ameriken an

Kòm yon rapèl, Lekòl Piblik Elizabeth te benefisye Plan Sekou Ameriken Lekòl Elemantè ak Segondè Fon ijans pou ofri soulajman (ARP ESSER) ane lekòl sa. Nou ankouraje tout moun ki konsène nou yo fè kòmantè sou plan an atravè adrès kourye elektronik(email) la etabli pou objektif sa. Moun ki konsène nou yo enkli paran, profesè, ak lòt moun yo. Kòmantè Piblik sou plan sa pral jwenn konsiderasyon pandan Lekòl Piblik Elizabeth ap finalize plan li yo.

Kòmantè Piblik Pa Kourye Elektronik (email): EPS.ARP2021@epsnj.org

Nou ankouraje elèv, fanmi, profesè, manm ekip, ak manm kominote yo ranpli yon sondaj ki pran mwens pase senk minit pou soumèt epi yo pèmèt moun tandè vwa ou. Tout repons sondaj yo anonim.

Ranpli sondaj la jounen jodi a nan [Plan Sekou Ameriken Lekòl Elemantè ak Segondè Fon Ijans pou ofri Soulajman a Moun ki konsène nan Sondaj 2020-2021](#). Sondaj ESSER ARP a ap rete ouvè jiska Mèkredi, 30 Jen. Repons sondaj la pral evalye pou ka rantre l nan ARP ESSER Plan Distri a ak Aplikasyon pou sibvansyon.

Sondaj la ap disponib nan lang sa yo: Anglè, Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, ak Arab.

Kòmantè ou yo pral yon enpòtan resous pou distri a pandan nou ap avanse pou pi devan ak pwosesis planifikasyon de kijan Fon ARP ESSER yo pral itilize pou fè pi gro enpak sou elèv nou yo.

Nan semèn kap vini yo, mwen ap tan avèk anpil pasyans pou selebre siksè elèv nou yo ansanm pandan seremoni fen ane nou yo menm jan tou a preparasyon pou ane lekòl la kap vini lè nou pral finalman reyini ansanm ankò nan lekòl nou yo e jwi yon pi gwo sans de nòmralite.

Mèsi poutèt ou yon fwa an plis pou sipò ou nan tout kokonnchenn difisil ane lekòl sa epi espesyalman nan tout pakou pandemi an.

Sensèman,



Olga Hugelmeyer
Superintendent of Schools